



Dwa ak Responsabilite  
Pasyan yo



# Dwa Pasyan yo:

## Vi prive pèsonèl/Vizit

- Pou fè respekte diyite pèsonèl ou.
- Pou enfòmasyon sou sante w ki ka idantifye w yo rete konfidansyèl.
- Pou pwofite konfidansyalite pèsonèl epi yon anviwònman ki an sekirite, pwòp epi fè nou konnen si w vle mete limit sou vizitè w oswa koutfil ou.
- Pou resevwa vizitè ou chwazi ke ou deziyen (oswa moun k ap ba w sipò deziyen, lè sa apwopriye), sa gne ladan yon konjwen, yon patnè domestik (ki gen ladan yon patnè domestik menm sèks), oswa yon lòt manm fanmi oswa yon zanmi, epi pou retire oswa refize konsantman w pou resevwa vizitè sa yo nenpòt ki lè.
- Pou yo enfòme w (oswa fè enfòme moun k ap ba w sipò, lè sa apwopriye) sou dwa vizit ou yo, sa gen ladan nenpòt restriksyon oswa limit sou dwa sa yo ki nesesè sou plan klinik.
- Pou deziyen yon moun k ap ba w sipò ki pral deziyen vizitè yo nan non w, si w pa kapab fè sa.
- Pou gen yon akonpayatè medikal avèk ou pandan egzamen sansib oswa entim. Si w ta renmen mande youn, tanpri fè demann sa a anvan randevou oswa pwosedи w la. Si w tann jouk jou vizit ou a, ta ka gen reta.

## Sekirite

- Pou pa sibi okenn fòm abi oswa arasman.
- Pou jwenn aksè nan sèvis pwoteksyon ak defans.
- Pou konnen ke yo pral itilize kontrent sèlman pou asire sekirite fizik imedya pasyan an, manm estaf la oswa lòt moun, epi annakò avèk estanda ki an plas yo.

## **Valè Kiltirèl ak Espiryèl**

- Pou fè respekte valè, kwayans ak preferans kiltirèl, sikososal, espirityèl ak pèsonèl ou.
- Pou gen aksè nan sèvis pastoral e lòt sèvis espirityèl.

## **Aksè nan Swen**

- Pou resevwa swen kèlkeswa laj ou, ras, koulè, orijin nasyonal, kilti, gwoup etnik, lang, sitiyasyon sosyoekonomik, reliyon, andikap fizik oswa mantal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon jennda, oswa mòd peman w.
- Pou mande yon chanjman nan founisè swen oswa yon dezyèm opinyon.

## **Aksè nan Enfòmasyon**

- Pou kreye direktiv davans epi fè respekte yo, depann de limit lwa aplikab oswa estanda medikal yo egzije.
- Pou yo enfòme, si w mande sa, fanmi w oswa yon reprezantan w chwazi epi pwòp doktè w, pou admisyon w nan lopital.
- Pou konnen règ ki kontwole swen w ak konduit ou.
- Pou konnen ke lopital Cleveland Clinic yo se lopital ansèyman epi kèk nan moun k ap ba w swen ou yo gendwa nan fòmasyon.
- Pou mande moun k ap ba w swen yo si yo nan fòmasyon.
- Pou konnen non ak tit pwofesyonèl moun k ap ba w swen yo.
- Pou yo eksplike bòdwo w la epi resevwa enfòmasyon sou frè ou ka responsab pou w peye, ansanm ak nenpòt limit potansyèl kontra asirans ou gendwa mete sou kouvèti w.
- Pou yo di w sa w dwe konnen sou pwoblèm sante w apre egzeyat nan lopital la oswa apre vizit nan kabinè.
- Pou w enfòme epi pou w patisipe nan desizyon ki afekte swen w yo, eta sante w, sèvis oswa tretman w.

- Pou konprann dyagnostik ou, maladi w e tretman w epi pou w pran desizyon reflechi sou swen yo apre ou fin enfòme sou gwo risk, benefis e lòt chwa yo.
- Pou refize ak tout konesans nenpòt swen, tretman ak sèvis.
- Pou w di “wi” oswa “non” pou tretman eksperimental yo epi pou yo enfòme w lè yon doktè ap anvizaje pou w patisipe nan yon pwogram rechèch medikal oswa yon pwogram donatè. Tout rechèch medikal sibi yon pwosesis espesyal ke lalwa egzije ki egzamine pwoteksyon pasyan k ap patisipe nan rechèch, sa gen ladan vi prive. Nou p ap enplike w nan okenn rechèch medikal san nou swiv pwosesis espesyal sa a. Ou ka refize oswa sòti nenpòt ki lè san okenn konsekans pou swen w yo.
- Pou nonmen yon lòt moun legalman pou pran desizyon pou ou si w ta vin pa kapab fè l, epi pou fè moun sa a apwouve oswa refize swen, tretman ak sèvis yo.
- Pou fè fanmi w oswa reprezantan w patisipe nan desizyon sou swen, tretman ak sèvis yo, jan lalwa pèmèt sa.
- Pou w enfòme sou rezulta negatif enprevi.
- Pou fè respekte volonte w konsènan don ògàn, lè ou fè konnen volonte sa yo, annakò avèk lwa e règleman yo.
- Pou mande yon revizyon dosye medikal ou avèk moun k ap ba w swen yo pandan sejou w nan lopital la.

## Kominikasyon

- Pou resevwa enfòmasyon ou kapab konprann.
- Pou w gen aksè ak yon entèprèt e/oswa sèvis tradiksyon gratis.
- Pou konnen rezon yo pou nenpòt chanjman ki pwopoze nan medsen tretan/estaf pwofesyonèl ki responsab swen w yo.
- Pou konnen rezon yo pou transfè w swa andedan oswa deyò lopital la.



Entèprèt disponib pou  
Lang Siy Ameriken.



Nou gen yon estaf konplè  
entèprèt lang.

*Pou plis enfòmasyon konsènan Sèvis Aksè Lang,  
tanpri rele Dispatchè Mondyal Sèvis Pasyan yo nan  
216.445.7044.*

### **Jesyon Doulè**

- Pou fè evalye e jere doulè kòmsadwa.

### **Divilgasyon yo**

- Pou mande yon lis komunikasyon sou swen sante w, epi pou kapab jwenn aksè nan dosye medikal ou epi mande modifye l, jan lalwa pèmèt sa.
- Pou konnen relasyon(yo) lopital la genyen ak lòt moun oswa òganizasyon k ap patisipe nan founiti swen w yo.

### **Anrejistreman ak Fè Fim**

- Pou bay konsantman anvan yo fè anrejistreman, fim oswa lòt imaj ki ka itilize deyò.

# Responsabilite Pasyan yo:

## Bay Enfòmasyon ki Aplikab

- Pou ban nou enfòmasyon konplè e egzak sou sante w, sa gen ladan istwa medikal ou e tout medikaman w ap pran yo.
- Pou enfòme nou pou chanjman nan maladi w oswa sentòm ou yo, sa gen ladan doulè.

## Poze Kesyon ak Respekte Machaswiv yo

- Pou fè nou konnen si w pa konprann enfòmasyon nou ba w sou maladi w oswa tretman w.
- Pou fè tande vwa w. Kominike enkyetid ou yo bay nenpòt anplwaye san pèdi tan — sa gen ladan nenpòt manm ekip swen pasyan, manadjè, administratè oswa ombudsman.

## Refize Tretman epi Aksepte Konsekans yo

- Pou respekte machaswiv e konsèy nou yo, konprann ou dwe aksepte konsekans yo si w refize.

## Eksplikasyon sou Frè Finansye yo

- Pou peye bòdwo w yo oswa fè aranjman pou reponn ak obligasyon finansye ou vin genyen akòz swen w yo.

## Swiv Règ ak Règleman yo

- Pou swiv règ ak règleman nou yo.
- Pou respekte randevou w gen ki prevwa yo, oswa enfòme nou si w pa kapab respekte yo.
- Pou kite efè pèsonèl ou lakay ou oswa fè manm fanmi w yo pote tout bagay ki gen anpil valè ak rad ou lakay ou pandan w entène lopital.

## Respè ak Konsiderasyon

- Pou w gen konsiderasyon epi pou w koperatif.
- Respekte dwa ak pwopriyete lòt moun.

# Enkyetid, Plent oswa Doleyans

Ou gen dwa pou resevwa yon repons rapid yon fason rezonab pou demann ou pou sèvis, patisipe nan rezolisyon pwoblèm ki enplike pwòp swen, tretman ak sèvis ou yo, epi fè pèsonèl lopital k ap okipe w la konnen enkyetid, plent ak/oswa yon doleyans ou genyen.

**Pou fè sa, ou ka ekri nan adrès ki annapre la a:**

## **Pasyan Ohio**

### **Cleveland Clinic Health System**

9500 Euclid Ave., Ombudsman Department,  
Mailcode S18, Cleveland OH 44195

## **Pasyan Florid yo**

### **Cleveland Clinic Florida**

2129 S.E. Ocean Blvd., Ombudsman Department,  
Stuart, Florida 34996

## **Oswa ou ka kontakte biwo Ombudsman ou:**

<b>Akron General Medical Center</b> 330.344.6711	<b>Indian River Hospital (Florida)</b> 772.567.4311
<b>Ashtabula County Medical Center</b> 440.997.6277	<b>Lodi Community Hospital</b> 330.344.6711
<b>Avon Hospital</b> 440.695.5205	<b>Lutheran Hospital</b> 216.363.2360
<b>Cleveland Clinic Children's Hospital for Rehabilitation</b> 216.444.2544	<b>Martin Health (Florida)</b> 772.223.4995
<b>Cleveland Clinic</b> <b>Children's Hospital</b> <b>for Rehabilitation</b> 216.444.2544	<b>Marymount Hospital</b> 216.587.8888
<b>Cleveland Clinic</b> 216.444.2544	<b>Medina Hospital</b> 330.721.5330
<b>Euclid Hospital</b> 216.692.7888	<b>Mentor Hospital</b> 440.312.9140
<b>Fairview Hospital</b> 216.476.4424	<b>Mercy Hospital</b> 330.458.4148
<b>Hillcrest Hospital</b> 440.312.9140	<b>South Pointe Hospital</b> 216.491.6299
	<b>Union Hospital</b> 330.602.0705
	<b>Weston Hospital (Florida)</b> 954.689.5545

Annakò ak règleman lopital la e egzijans ajans reglemantè nou an, nou oblige enfòme w ke w gen dwa pou w depoze yon doleyans nan ajans annapre la yo:

- Liy enfòmasyon Joint Commission,  
Biwo Kalite ak Sekirite Pasyan  
800.994.6610 | Faks: 630.792.5636;  
Adrès Postal: The Joint Commission, One Renaissance Blvd., Oakbrook Terrace, IL 60181; Sit entènèt:  
[www.jointcommission.org](http://www.jointcommission.org)
- DNV GL - Swen sante pou Union Hospital sèlman:  
866.496.9647; Faks: 513.947.1250
- Depatman Sante Ohio nan 800.342.0553; imèl:  
[hccomplaints@odh.ohio.gov](mailto:hccomplaints@odh.ohio.gov); Faks: 614.564.2422;  
Adrès Postal: ODH, Complaint Unit, 246 N. High St., Columbus, OH 43215
- LIVANTA, Pwogram Amelyorasyon Kalite Swen ki Santre sou Fanmi e Benefisyè Medicare (BFCC-QIO)  
Liy asistans pou Benefisyè nan 888.524.9900, TTY 888.985.8775. Sèvis yo gen ladan kontestasyon egzeyat, plent konsènan kalite benefisyè yo, defans dwa imedya ak revizyon tradisyonèl konsantre; poste lèt pou pote plent sou kalite swen yo bay BFCC QIO, 10820 Guilford Road, Suite 202, Annapolis Junction, MD 20701-1262
- Biwo Ombudsman Benefisyè Medicare nan sitwèb annapre la a: <https://www.medicare.gov/claims-appeals/your-medicare-rights-get-help-with-your-rights-protections>



**Chak lavi merite swen ki pamé sa ki pi bon nan mond lan.**

9500 Euclid Ave., Cleveland, OH 44195

Cleveland Clinic se yon sistèm swen sante plizyè espesyalite entegre nan lemonn ki kombine swen lopital e swen pasyan ekstèn avèk rechèch e edikasyon pou jwenn pi bon rezulta e meyè eksperyans pou pasyan yo. Cleveland Clinic gen 80,000 moun k ap bay swen nan lemonn antye, sa gen ladan 5,700 doktè ak syantis. Sistèm sante a gen nan li 23 lopital ak 265 anplasman pasyan ekstèn, sa gen ladan yon kanpis prensipal nan Cleveland; 15 lopital rejjonal nan Nòdès Ohio; senk lopital nan Sidès Florid; yon sant pou sante sèvo nan Las Vegas, Nevada; pwogram sante fizik ak byennèt konplè e sèvis sante espòtif nan de kote nan Toronto, Kanada; yon lopital ak sant pasyan ekstèn nan Lond, Wayòm Ini; epi yon lopital ak sant kont kansè nan Abu Dhabi, Emira Arab Ini. [clevelandclinic.org](http://clevelandclinic.org)

©2024 The Cleveland Clinic Foundation